

ABSTRAK

Masalah transisi énérgi janten hiji hal anu beuki penting dina nyanghareupan krisis iklim global, nu nyababkeun sakumna nagara, kaasup Indonésia, kudu ngalakukeun peralihan kana sumber énérgi anu leuwih bersih jeung lestari. Indonésia miboga poténsi énérgi anyar terbarukan nepi ka 3.686 GW, tapi tingkat pamangpaatanna kénéh saeutik pisan. Ku kituna, gawé bareng jeung organisasi internasional sapertos International Energy Agency (IEA) mangrupa hiji léngkah strategis pikeun ngaronjatkeun kapasitas nasional dina ngahontal tujuan net-zero emission dina taun 2060.

Panalungtikan ieu migunakeun métode deskriptif kualitatif kalayan pendekatan studi pustaka. Data dilarapkeun tina dokumén resmi, laporan kawijakan, jeung sumber akademik nu relevan. Teori organisasi internasional ti Clive Archer dipaké pikeun nganalisis peran IEA salaku instrumén, arena, jeung aktor. Sajaba ti éta, konsep transisi énérgi ti Vaclav Smil ogé dipaké pikeun ngagambarkeun prosés perobahan sistem énérgi Indonésia tina bahan bakar fosil kana énérgi terbarukan.

Hasil panalungtikan nunjukkeun yén IEA ngagaduhan peran strategis dina ngarojong transisi énérgi Indonésia. Ieu peran diwujudkeun ngaliwatan program Clean Energy Transitions Programme (CETP), partisipasi dina Just Energy Transition Partnership (JETP), sarta kontribusi dina nyusun Comprehensive Investment and Policy Plan (CIPP). Sajaba ti éta, IEA nyayogikeun rojongan teknis, kawijakan, jeung pangwangunan kapasitas pikeun ningkatkeun kasanggupan Indonésia dina ngalaksanakeun transisi énérgi nu terkoordinasi jeung berkelanjutan.

Dumasar kana hasil analisis, bisa dicindekkeun yén IEA hasil ngalaksanakeun peranna salaku instrumén, arena, jeung aktor saperti nu dijelaskeun dina téori Clive Archer. Gawé bareng ieu henteu ngan ukur ngadukung dina widang teknis, tapi ogé boga pangaruh strategis kana arah kawijakan énérgi nasional. Ku kituna, kolaborasi ieu perlu diteruskeun sarta dimekarkeun pikeun nguatkeun pondasi hukum, kapasitas lembaga, sarta ngaronjatkeun partisipasi dina forum internasional pikeun ngadukung transisi énérgi nu adil tur lestari.

Kecap Konci: transisi énérgi, International Energy Agency (IEA), International Organizational